# «Vatandoshlar» jámiyetlik fondın shólkemlestiriw haqqında

Image not found or type unknown

**Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń q a r a r ı**

Sırt elde jasap atırǵan watanlaslardı tariyxıy Watanı átirapında jáne de birlestiriw, olardıń qálbi hám sanasında el menen maqtanıw sezimin kúsheytiw, milliy ózlikti saqlap qalıw, watanlaslar hám olar tárepinen dúzilgen jámiyetlik birlespelerdi qollap-quwatlaw, hár qıylı tarawlarda jumıs islep atırǵan watanlaslarımızdıń imkaniyatın mámleketimizdiń rawajlanıwına nátiyjeli baǵdarlaw maqsetinde:

Sırtqı isler ministrligi, Mádeniyat ministrligi, Qarjı ministrligi, Bántlik hám miynet qatnasıqları ministrligi, Ministrler Kabineti janındaǵı Milletleraralıq qatnasıqlar hám sırt eller menen doslıq baylanısları komiteti, Ózbekstan mámleketlik emes kommerciyalıq emes shólkemler milliy associaciyası, «Yuksalish» ulıwma milliy háreketi, «Rawajlanıw strategiyası» orayınıń olardıń shólkemlestiriwindegi mámleketlik emes kommerciyalıq emes shólkemi-«Vatandoshlar» jámiyetlik fondın (keyingi orınlarda – Fond) shólkemlestiriw haqındaǵı usınısı maqullansın.
Fond jumısınıń tiykarǵı baǵdarları etip tómendegiler belgilenetuǵını maǵlıwmat ushın qabıl etilsin:
sırt elde jasap atırǵan watanlaslar hám olar tárepinen dúzilgen jámiyetlik birlespeler menen birge islesiw baylanısların jolǵa qoyıw hám rawajlandırıw;

xalıqaralıq huqıqtıń ulıwma tán alınǵan principleri hám normaları, watanlaslarımız jasap atırǵan mámleketlerdiń nızamları hám Ózbekstan Respublikasınıń xalıqaralıq shártnamaları tiykarında sırt elde jasap atırǵan watanlaslardıń huqıqları menen erkinliklerin qorǵawǵa járdemlesiw;

sırt elde qıyın turmıslıq jaǵdayǵa túsip qalǵan watanlaslardı belgilengen tártipte materiallıq hám sociallıq qollap-quwatlaw, olarǵa málimleme jaǵınan hám huqıqıy járdem kórsetiw;

sırt elde ózbek tili, mádeniyatı hám dástúrlerin saqlap qalıw hám rawajlandırıwǵa qaratılǵan jumıstı qollap-quwatlaw;

sırt elde elimizdiń bay ilimiy, mádeniy hám aǵartıwshılıq miyrasın keńnen úgit-násiyatlaw hám ǵalaba en jaydırıw, watanlaslarǵa mádeniy-aǵartıwshılıq ilajlardı shólkemlestiriwde járdemlesiw;

watanlaslar tárepinen shólkemlestirilgen jámiyetlik birlespelerdiń jumısın xoshametlew, olarǵa sırt elde ózbek milliy mádeniy orayların shólkemlestiriwde ámeliy járdem kórsetiw;

sırt ellerdiń bilimlendiriw ózbek tilinde alıp barılıp atırǵan mákemelerinde pedagog kadrlarǵa bolǵan talaptan kelip shıǵıp, sırt elde jasap atırǵan qábiletli watanlaslarımızdıń respublikalıq joqarı bilimlendiriw mákemelerinde bilim alıwına járdem beriw;

rawajlanǵan sırt ellerde jasap atırǵan ilimpaz hám dóretiwshi watanlaslarımızdıń elimizdiń abıroyın arttırıwǵa qaratılǵan ilimiy, dóretiwshilik izlenislerin qollap-quwatlaw;

sırt elde watanlaslar tárepinen shólkemlestiriletuǵın abıroylı ilajlarda elimizdiń belgili jazıwshı hám shayırları, ilim ǵayratkerleri, diniy ulamaları, mádeniyat hám kórkem óner wákilleri, sportshıları qatnasıwın támiyinlewde járdemlesiw;

sırt elde jasap atırǵan watanlaslardı Ózbekstan aymaǵında isbilermenlik, investiciyalıq, ilimiy, aǵartıwshılıq hám mádeniy jumıs penen shuǵıllanıwǵa jedel tartıw;

sırt elde jasap atırǵan watanlaslardı Ózbekstannıń tariyxı, mádeniyatı, siyasiy hám sociallıq-ekonomikalıq turmısına baylanıslı maǵlıwmatlar menen támiyinlewge qaratılǵan interaktiv elektron portaldı júrgiziw;

sırt elde jasap atırǵan watanlaslarımız ushırasıp atırǵan mashqalalardı sistemalı tiykarda tallap barıw hám olardıń sheshimi boyınsha anıq usınıslar islep shıǵıw;

migraciya hám bilimlendiriw tarawlarında shártnamalıq-huqıqıy birge islesiwdi keńeytiw boyınsha usınıslar islep shıǵıw hám tiyisli mámleketlik uyımlarǵa kirgizip barıw;

Fond Ustavına muwapıq basqa da wazıypalardı ámelge asırıw.

Tómendegiler:
«Vatandoshlar» jámiyetlik fondınıń qayırqomlıq keńesi (keyingi orınlarda – Fondtıń Qayırqomlıq keńesi) – Fondtıń joqarı uyımı;

Qayırqomlıq keńesi tárepinen qáliplestiriletuǵın Fond Basqarması – Fondtıń atqarıw uyımı bolıp esaplanatuǵını inabatqa alınsın.

«Vatandoshlar» jámiyetlik fondınıń qáwenderlik keńesiniń quramı qosımshaǵa muwapıq

maqullansın.
Fondtıń Qayırqomlıq keńesine:
bir ay múddette Fondtıń Ustavı, shólkemlestiriw strukturası hám Fond Basqarması aǵzaların tastıyıqlaw, sonday-aq, Fond Basqarmasın maman kadrlar menen tolıqtırıw;

hár jılı Fond qarjılarınan paydalanıwdıń tiykarǵı baǵdarların, dáramat hám qárejetler boyınsha prognoz kórsetkishlerdi tastıyıqlaw;

Fondqa júklengen wazıypalardı ámelge asırıw ushın mápdar mámleketlik hám mámleketlik emes kommerciyalıq emes shólkemler, sonday-aq, qáwenderlerdi tartıw usınıs etilsin.

Tómendegiler Fond qarjıların qáliplestiriw dárekleri etip belgilensin:
mámleketlik subsidiya hám mámleketlik sociallıq buyırtpalardan kelip túsetuǵın qarjılar;

shólkemlestiriwshiler tárepinen ajıratılatuǵın qarjılar;

yuridikalıq hám fizikalıq táreplerdiń qayırqomlıq qáwenderlikleri;

yuridikalıq hám fizikalıq tárepler, sırt el hám xalıqaralıq shólkemler, sırt ellerdiń grantları;

Fond qarjıların kommerciyalıq banklerge depozitke qoyıwdan alınatuǵın dáramatlar;

Fondtıń isbilermenlik jumısınan alınatuǵın dáramatlar (payda);

nızamshılıq hújjetlerinde qadaǵan etilmegen basqa da dárekler.

Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisi janındaǵı Mámleketlik emes kommerciyalıq emes shólkemlerdi hám puqaralıq jámiyetiniń basqa da institutların qollap-quwatlaw jámiyetlik fondı qarjıların basqarıw boyınsha Parlamentlik komissiyaǵa hár jılı tiykarlanǵan buyırtpa tiykarında Fondtıń tiykarǵı wazıypaların orınlaw sheńberindegi ilajlardı shólkemlestiriw hám ótkeriwdi qarjılandırıw ushın subsidiya túrinde zárúr qarjılar ajıratılıwın támiyinlew usınıs etilsin.
Fondtı shólkemlestiriw ushın zárúr bolǵan dáslepki qarjı sıpatında Ministrler Kabinetiniń rezerv qorınan 5 milliard sum muǵdarda qarjı ajıratılsın.
Usı bántte názerde tutılǵan qarjı:

bir ay múddette  Qarjı ministrligi tárepinen shólkemlestiriwshilerden biri sıpatında óziniń atınan Fondqa ótkeriletuǵını;

Fond jaylastırılatuǵın xızmet xanaların ońlaw, olardıń zárúr texnika menen támiyinleniwi,

avtotransport quralları, ofis ásbap-úskeneleri, mebel hám baylanıs quralları menen támiyinleniwi, sonıń ishinde, keń polosalı Internet jáhán málimleme tarmaǵına jalǵanıwı, sonday-aq, kommerciyalıq banklerdiń depozitlerine qarjı qoyıp, dáramat alıwı ushın jumsalatuǵını belgilensin.

Sırt elde jasap atırǵan watanlaslar Ózbekstan Respublikası joqarı bilimlendiriw mákemelerine oqıwǵa qabıllaw hám oqıtıw shártlerine bola Ózbekstan Respublikası puqaralarına teńlestirilsin.
Joqarı hám orta arnawlı bilimlendiriw ministrligi bir ay múddette usı bántti ámelge asırıw maqsetinde nızamshılıqqa ózgerisler hám qosımshalar haqqında Ministrler Kabinetine usınıslar kirgizsin.

Tómendegiler:
Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń keńesgóyleri Sh.Sh.Minovarov hám A.A.Abduvaxitov – Fondtıń jumısın nátiyjeli shólkemlestiriw, bul máselede barlıq mámleketlik uyımlardıń jumısın muwapıqlastırıwǵa;

Ministrler Kabinetiniń Sırt elde waqtınshalıq miynet etiwdi ámelge asırıp atırǵan Ózbekstan Respublikası puqaraları huqıqların qorǵaw hám xalıqaralıq ekonomikalıq birge islesiw máseleleri departamenti (M.A.Xayriddinov) – Fondtıń sırt elde waqtınshalıq miynet etip atırǵan Ózbekstan Respublikası puqaraların qollap-quwatlaw boyınsha wazıypaların ámelge asırıwǵa;

Sırtqı isler ministrligi (F.N.Arziev) – Ózbekstan Respublikasınıń sırt ellerdegi diplomatiyalıq wákilxanaları arqalı Fondtıń sırt elde jasap atırǵan watanlaslar menen úzliksiz birge islesiwin jolǵa qoyıw jáne sırt eldegi ilajlardı shólkemlestiriwge;

Milletleraralıq qatnasıqlar hám sırt eller menen doslıq baylanısları komiteti (R.J.Kurbanov) – Fondtıń watanlaslar hám olar tárepinen dúzilgen jámiyetlik birlespeler menen baylanısların jolǵa qoyıwda, sonday-aq, sırt ellerde jumıs islep atırǵan ózbek milliy mádeniy orayları hám jámiyetleri menen birge islesiw baylanısların ornatıwǵa;

Xalıq bilimlendiriw ministrligi (Sh.X.Shermatov) – Fond qarjıları esabınan sırt elde ózbek tilinde oqıtılatuǵın mektep oqıwshıların sabaqlıq hám kórkem ádebiyatlar menen támiyinlew, pedagog xızmetkerler ushın qánigelik arttırıw kursların shólkemlestiriw jáne mekteplerdi qurıw, ońlaw hám úskenelewge;

Mádeniyat ministrligi (O.Nazarbekov), Kórkem óner akademiyası (A.V.Nuriddinov), Jazıwshılar awqamı (S.S.Saidov) – sırt eldegi watanlaslar menen birgelikte ótkeriletuǵın mádeniy-aǵartıwshılıq ilajlardı shólkemlestiriwge jáne olarda mádeniyat hám kórkem

óner wákilleri, belgili jazıwshı hám shayırlardıń qatnasıwın Fond qarjıları esabınan támiyinlewge;

Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesi, wálayatlar hám Tashkent qalası hákimlikleri, Investiciyalar hám sırtqı sawda ministrligi (B.N.Obidov), Innovaciyalıq rawajlanıw ministrligi (I.Yu.Abduraxmonov), Joqarı hám orta arnawlı bilimlendiriw ministrligi  (A.X.Toshqulov) – Fond tárepinen respublikamız aymaǵında isbilermenlik, investiciyalıq, ilimiy, aǵartıwshılıq hám mádeniy jumıs penen shuǵıllanıwǵa tartılǵan watanlaslarǵa tiyisli joybarlardı ámelge asırıwǵa hár tárepleme ámeliy járdem kórsetsin.

Sırtqı isler ministrligi basqa da shólkemlestiriwshiler hám Ádillik ministrligi menen birgelikte eki ay múddette Fondtıń belgilengen tártipte mámleketlik dizimnen ótkeriliwin támiyinlesin.
Fondtıń Qayırqomlıq keńesine eki ay múddette Fondtıń 2021-jılǵa mólsherlengen jumıs baǵdarlamasın islep shıǵıw hám tastıyıqlaw usınıs etilsin.
Fond Sırtqı isler ministrliginiń imaratına waqtınshalıq biypul paydalanıw huqıqı menen jaylastırılsın.
Málimleme texnologiyaları hám kommunikaciyaların rawajlandırıw ministrligi Fondtıń múrájatına tiykarlanıp, onı telekommunikaciya xızmetleri, sonıń ishinde, húkimetlik baylanıs penen belgilengen tártipte támiyinlesin.
Sırtqı isler ministrligi basqa shólkemlestiriwshiler menen birgelikte bir ay múddette nızamshılıqqa usı qarardan kelip shıǵatuǵın ózgerisler hám qosımshalar haqqında Ministrler Kabinetine usınıslar kirgizsin.
Usı qarardıń orınlanıwın nátiyjeli shólkemlestiriwge juwapker hám jeke juwapker etip Ózbekstan Respublikası Bas ministriniń keńesgóyi M.A.Xayriddinov hám sırtqı isler ministriniń birinshi orınbasarı F.N.Arziev belgilensin.
Qarardıń orınlanıwın dodalap barıw, orınlaw ushın juwapker uyımlar hám shólkemlerdiń jumısın muwapıqlastırıw hám qadaǵalaw Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń keńesgóyleri Sh.Sh.Minovarovqa hám A.A.Abduvaxitovqa júklensin.

Ózbekstan Respublikası

Prezidenti Sh.MIRZIYoEV

Tashkent qalası,

2021-jıl 11-avgust